

POUKISA TIMOUN OU AN BEZWEN PRAN YON VAKSEN KONT



Chak paran/responsab legal gen rezon pa yo pou fè pitit yo an pran vaksen an. Pran vaksen se pi bon bagay ou kapab fè pou:

- Pwoteje pitit ou an kont danje COVID yo.
- Pèmèt pitit ou an patisipe san okenn pwoblèm nan aktivite li renmen yo.

COVID lan kapab danjere pou timoun yo.

Anpil timoun ki te trape COVID nan peyi Etazini te entène lopital epi genyen plizè milye ki te mouri.

Pa genyen okenn mwayen pou w konnen nan ki fason COVID lan pral afekte timoun ou an. Menm si timoun ou an gen yon bon sante, li kapab kanmenm vin tonbe malad grav depi li gen COVID. Anpil timoun ki te entène lopital poutèt maladi COVID pa t gen lòt pwoblèm sante.

Vaksen kont COVID pou timoun yo gen sekirite.

Yo te byen fè tès sou vaksen kont COVID pou timoun yo, genyen plizyè milye timoun ki patisipe nan esè klinik yo. Pami sila yo ki te pran vaksen an, yo demontre li san danje.

Plizyè milyon timoun nan peyi Etazini gentan pran yon vaksen kont COVID.

Vaksen kont COVID pou timoun yo fonksyone.

Bon jan prè v montre vaksen kont COVID pou timoun yo fonksyone trè byen pou anpeche:

- Gwo maladi
- Entène Lopital
- Lanmò



Kijan pou ou pale ak timoun adolesan ou an sou enpòtans pran vaksen an

Li nòmal pou timoun yo, sitou adolesan yo, pou yo genyen kesyon ak enkyetid konsènan vaksen an. Men kèk konsèy pou w pale ak timoun ou an, sitou si li pè pran vaksen an oswa pa vle pran li oswa pa santi nesesitye pou li:

- **Fè vaksen an tounen sèl chwa ki genyen.** Olye pou w ap mande timoun ou an si li vle pran vaksen an, pretann repons lan kapab se “wi”. Eseye di yon bagay tankou: “Ann al pran vaksen.” Si li toujou ap ezite, konsidere lòt konsèy sa yo ki anba la.
- **Konsantrè konvèsasyon ou an sou sekirite a.** Eksplike poukisa COVID lan gen danje ladan li epi kijan vaksen an ofri pi bon pwoteksyon kont danje COVID yo.
- **Tande epi fè entèvansyon ou an ak lanmou.** Pa inyore krent ak santiman timoun ou an genyen yo pandan, pa egzanp, w ap di li se yon “enbesil.” Olye sa, reponn konsa: “Mwen kapab konprann poukisa ou santi ou oswa panse konsa.” Apresa, bay enfòmasyon ki baze sou reyalyte.
- **Ede timoun ou an dekouvri rezon pa li pou li pran vaksen an.** Pale sou rezon an kapab pote motivasyon, kit se pou pwoteje yo oswa ba yo posibilite pou pase tan ak zanmi yo ak mwens risk pou pèsòn pa tonbe malad.

Bay timoun piti yo piki vaksen yo yon fason pou sa ba yo mwen estrès epi fè yo mwens mal



- Pa bay timoun ou an manti: Piki an kapab bay yon ti doulè lè l ap antre, men li p ap dire twò lontan.
- Ede timoun ou an wè vaksen an antanke yon bon bagay. Di yo vaksen kapab kenbe yo an sante kont jèm ki ka rann yo malad.
- Pa ba timoun ou an istwa k ap fè li pè oswa pa ba li presyon ak piki.



- Pote yon jwèt li renmen oswa kouvèti pou timoun ou an ou an kapab anbrase.
- Kenbe timoun ou an nan yon pozisyon pou li santi li alèz, tankou sou jenou ou.
- Distrè timoun ou an, tankou ak yon istwa, yon videyo, oswa yon konvèsasyon.
- Mande moun k ap bay vaksen an si li genyen yon krèm oswa vaporizatè ki la pou angoudi pou li aplike avan.



- Anbrase epi bat yon gwo bravo pou timoun ou an.
- Raple timoun ou an poukisa li bon pou li pran vaksen yo. Di li kò li deja ap kreye defans kont jèm pou kenbe li an sekirite epi an sante.
- Panse bay timoun ou an yon ti kado, tankou ale nan yo aktivite rekreatif, ki san danje oswa ba li yon otokolan.

Jwenn vaksen kont COVID pou timoun ou an [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov).